



Department of Environmental Protection

One Winter Street Boston, MA 02108 • 617-292-5500

Charles D. Baker
Gouvènè

Karyn E. Polito
Gouvènè Adwjen

Kathleen A. Theoharides
Sekretè

Martin Suuberg
Komisè

AVI DE ODYANS PIBLIK

Avi de Odyans Piblik sa a disponib nan lang altènatif (Español -- Tiếng Việt -- Chinese -
- Kreyòl Ayisyen -- Português -- Khmer) sou sit entènèt MassDEP la
sou: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Ministè Pwoteksyon Anviwònmanal Massachusetts lan (*Massachusetts Department of Environmental Protection*) (MassDEP), anba otorite M.G.L. c. 210, pral fè odyans piblik konfòme ak M.G.L. Chapit 30A sou amannman ki pwopoze sou 310 CMR 80.00 *Sistèm Tank Stokaj Anba Tè (Underground Storage Tank) (UST)* pou fè regilasyon yo omwens osi strik ak regilasyon Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal Ameriken an (*Environmental Protection Agency*) (EPA) ki nan 40 CFR 280 ak 281 epi pou klarifye ak amelyore lòt egzijans pou pwogram UST. EPA te amande regilasyon UST li yo apati 13 oktòb 2015. Eta ki genyen pwogram UST ki delege, tankou Massachusetts, oblije amande regilasyon pa yo pou yo “pa mwens strik” pase regilasyon UST pa EPA a.

Amanman ki pwopoze yo ak yon dokiman sou orijin yo disponib sou sit entènèt MassDEP la sou: <https://www.mass.gov/service-details/massdep-public-hearings-comment-opportunities>

Selon Dekrè Gouvènè Charles D. Baker ki te Sispann Sèten Pwovizyon nan Lalwa sou Reyinyon Ouvèt yo, G.L. c. 30A, s. 20, date 12 mas 2020, de odyans piblik pral fèt an liy ak sou telefòn. Odyans piblik yo pral fèt:

Madi 22 jen 2021 a 10:00am - 1:00pm.

Enskri davans pou odyans sa a:

<https://zoom.us/j/92757030315?pwd=UnVqZ2paSk03MVplMXAxdUlvcmRYUT09>

Madi 22 jen 2021 a 5:00pm - 8pm.

Enskri davans pou odyans sa a:

<https://zoom.us/j/93224484935?pwd=cTFBcUJhak5udi9nN0c3VDJ1OWlGZz09>

Tanpri rejwenn odyans piblik la apati konpyitè w, tablèt oswa telefòn smart ou an. Epi tou ou kapab rele ak telefòn w. Moun pral prezante temwayaj aloral nan odyans piblik la, oubyen moun kapab soumèt kòmantè alekri jiska 5:00 PM nan jou 2 jiyè 2021. Fòk moun soumèt kòmantè alekri yo nan imèl bay Thomas.Denormandie@mass.gov oswa pa lapòs bay Thomas DeNormandie, MassDEP, One Winter Street, Boston, MA 02018.

Pou akomodasyon espesyal pou odyans sa yo, tanpri rele Biwo Divèsite MassDEP la nan 617-292-5751. TTY# Sèvis MassRelay 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib nan fòma

altènatif sou demann. MassDEP founi sèvis aksè lengwistik entèprèt/tradiksyon pou moun ki gen metriz limite nan lang Anglè gratis. Si w bezwen yon entèprèt patisipe nan reyinyon sa a, ou kapab jwenn sèvis tradiksyon nan lyen sa a: <https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance>.

Dapre Dekrè Ministè Pwoteksyon Anviwònmantal
Martin Suuberg
Komisè